Fason Bondye Founi Pou Jou Sa

. . . jis yon moman pandan n ap bese tèt nou.

Papa nou ki nan Syèl la, nou remèsye W pou Jezikri, pou pwomès ekstraòdinè ke Li ban nou yo. Nou di W mèsi pou tout bagay sa yo. N ap atann nou a gwo bagay isi a nan vil sa a pami Kretyen janti sa yo. N ap tann pou wè L ap aji pami nou pou ap manifeste prezans Li, ap bay moun yo lafwa, ap enspire yo pou kwè. Se objektif nou pou nou isi a, Papa. Nou konnen nou ka fè W konfyans. Nou p ap desi. Paske nou mande l nan Non Li. Amèn.

Ou mèt chita.

Mwen te trè kontan maten an pou m te pran dejene sa a ak gwoup minis janti sa yo la nan vil la. E konsa nou . . . Mwen panse ke frè yo—yo te anrejistre l si yon moun ta vle genyen l. Ala yon moman fratènite ke n te genyen an. Epi kounye a, aswè a se dezyèm sware nou, n ap avanse dwat sou wout la. Kifè kounye a, nou gen konfyans ke Seyè a pral beni nou depase anpil anpil san konte.

Mwen kwè m ap gade yon bon zanmi m, Madam. Upshaw, ki chita la, Sè Upshaw. Seyè a beni W. Mwen sonje Frè Willie Upshaw. Mwen te resevwa yon lèt de manzè lòt jou ak foto Frè Willie, yon manm Kongrè. Kidonk, li—li te enfim pandan anviwon swasant sis lane.

M te nan yon reyinyon yon jou swa, mwen te wè l nan yon vizyon, te chita, t ap travèse oditwa a, byen kostime, ap panche tèt li. Li te nan yon chèz woulant ak beki, jan nou tout te konnen l lan, e Seyè Jezi a te geri l menm jou swa sa a. E li te gade lafwa jouk li te mouri.

Nou santi nou onore, aswè a, pou vèv li ki chita isi a. Ki laj li te genyen lè l t al rankontre Seyè a? Ki laj li te genyen? [Sè Upshaw reponn—Editè a.] Li te viv jiska katrevensis lane. [Sè Upshaw ap temwaye de lanmò li.] Li t al nan Syèl l pou l te avèk . . . Nou rekonesan pou dèzòm remakab, pou vanyan sòlda lafwa yo.

Bon, aswè a, se, nou pa vle kenbe w lontan. Nou te kenbe w dis minit pase tan yè swa, dizè mwen ven. Dabitid nou soti a nevè trant. Mwen pral eseye ratrape sa aswè a. Mwen te . . . Mwen te chanje de mesaj pwofetik mwen yo ke m t ap preche nan diferan pati peyi a, pou sèvis evanjelizasion yo ankò. Epi pou mesaj pwofetik sa yo, nou t ap jis kontinye kenbe avèk yo. E

kounye a pou koupe nan sa, sa on jan difisil, e sa chanje ministè a—a konplètman.

E rezon ki fè m ap fè sa: se paske yon jou, pandan m t ap desann sot Canada, jis anwo la nan Montana, yon maten byen bonè, Seyè Jezi a . . . Mwen konnen ke sa sonnen etranj, men m t ap kondui yon machin, e yon bagay te atire atansyon m. Mwen te tande yon Vwa, osi klè ke w ap tande vwa pa m, ki di, "Non w ekri sou mòn sa a." E m te gade, e lè nou te kanpe, Billy avè m, Seyè Jezi a te di, "Retounen kounye a, epi kòmanse nan evanjelizasyon jis jan w te konn fè l la."

Se poutèt sa mwen isit la aswè a, paske m ap retounen ankò ap priye pou malad. Gen yon pakèt istwa dèyè sa, e mwen sèten ke oumenm moun k ap koute kasèt isi a, ki ap tande kasèt nou yo, konnen istwa a. Mwen la pou m priye pou malad yo ankò. Gen anpil don ekstraòdinè nan Bondye. Bondye ka itilize nenpòt nan yo ke L vle a si nou jis kite L fè sa. Li se Bondye Seyè a.

E kounye a, m ap eseye pou m pa . . . evite poze men sou moun yo si m ka anpeche sa, paske, la a, li sanble tankou (se kòrèk), men sa sanble ke yon moun, ta geri, yo di, "Ebyen, *Entèl entèl* te poze men sou mwen." Ou wè? Mwen—mwen ta renmen wè w jis poze men sou Limenm, sou Kris.

Objektif mwen se, nou tout konnen atravè Ekriti yo, ke gerizon Divin te deja asire pou chak kwayan. Se yon pati—se yon pati soufrans Jezi, "Li te blese pou transgresyon nou yo, ak mak kout frèt Li yo nou te geri. Menm jan Moyiz te leve sèpan an kwiv nan dezè a, se konsa yo dwe leve Fis de lòm lan." Menm rezon an.

E se te tip la, Kris se antitip la. Epi si—si ansyen ekspyasyon an te ka pwodui gerizon, konbyen plis nouvo ekspyasyon an ta dwe fè l, sa ki gen pi bon bagay yo, pou pwodui gerizon Divin.

Kounye a, Jezi te soulve anlè pou menm kòz sèpan an kwiv la te soulve a (Li te fè l peche): paske, sèpan an te fèt ak kwiv, e *kwiv* se "yon senbòl jijman diven"; epi *sèpan*, ap montre "malediksyon sèpan an" depi nan jaden Edenn lan, kote peche ak maladi te antre.

E Jezi pa ka . . . Pèsonn pa ka preche Jezikri kòm ekspyasyon san yo pa preche gerizon Divin. Pèsonn pa ka preche Levanjil la san yo pa preche gerizon Divin. Paske, ou wè, ou pa . . . li ta gen . . . pa oblije gen bagay kèlkonk. Tankou si yon bèt ta met men sou wou, ou pa bezwen jis koupe pye l, oswa koupe ponyèt li—li oswa kèlkeswa ak sa ke l benbe w la. Jis frape l nan tèt li pou touye l.

E se fason sa Jezi te fè lè Li—lè Li te mouri pou peche: Li te touye tout bagay ke peche te janm fè, Li te rachte nou konplètman. Kounye a n ap tire benefis nan—nan gwo . . . avalwa lajan delivrans total nou lè L ap retounen.

Kifè, ou wè, maladi dirèkteman te—te koze apati de peche. Yon moun te peche. Pa t gen okenn maladi jiskaske te gen peche. Epi lè peche te antre, maladi te swiv li. Maladi se yon atribi peche. Epi alò, lè Li te touye peche, li te pran tout atribi yo avè l. Ou wè, sa te oblije.

Kounye a, nou pral li aswè a yon pòsyon nan Ekriti a.

Mwen sètènman kontan pou m genyen, dèyè do m isi a aswè a, pakèt frè janti pa m yo ki te nan reyinyon sa a maten an, pou w jwenn, pou wè Frè Shakarian dèyè a la a, tou, ak anpil nan zanmi m yo, majorite nan yo. M tèlman kontan ke nou avè m frè yo isi a aswè a. Priye pou mwen kounye a, si nou vle.

Kounye a, ann al nan Ekriti a, pou jis yon ti tèks, si Seyè a vle.

2 Epi sonje, demen swa, n ap priye pou malad ankò. E kounye a lè m ap pale. . . Tande, tout moun ap eseye fè sa, pa tann pou yon bagay kèlkonk rive. Bagay ou gen pou w fè, se kwè Bondye kounye a menm. Kwè L kounye a menm! Ou wè?

3 Bon te gen tout sòt de ministè. Bondye, nan dènye jou sa yo, mwen kwè, te ban nou tout bagay Li genyen nan Liv Li a. Tout sa L te pwomèt, nou te wè, e toujou sa sanble tankou ke moun pa ka sezi l. Sila yo ki òdone pou konprann li, ap konprann li; sa yo sèlman. Sa avegle youn; sa louvri je yon lòt.

4 Sonje, nou kwè ke Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Li pa mouri, men vivan pou tout tan. E Li isi a aswè a. Nou nan Prezans Li, aswè a, e Li isi a pou konfime epi akonpli nenpòt pwomès Li te fè pou jodi a. E Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Kifè, nenpòt bagay ke L te ye a, Li se menm nan, aswè a. Kifè annou kwè L kounye a, pandan n ap li Pawòl Li epi pale de Li, pandan kenz, ven pwochen minit yo.

5 Jenèz, chapit 22, ak vèsè 7 e 8, yon fason pou w tire yon tèks.

> *Epi Izaak te pale ak Abraham, papa li, epi li di, Papa Mwen: epi li di, Men mwen, pitit gason m lan. Epi li di, Men dife a ak bwa a: men kote ayo a pou ofrann ki pou boule nèt la?*
>
> *Epi Abraham di, Pitit gason m lan, Bondye Limenm va bay va pran chay Ayo ki pou boule nèt* la: *konsa yo toulède te pati ansanm.*

6 Seyè Jezi, beni Pawòl Ou, ke Li pa tounen san okenn rezilta, men ke semans yo tonbe sou tè ki pral pote sali a sila yo ki nan bezwen, alafwa fizikman e espirityèlman. Nou remèt tèt nou ba Ou; kongregasyon an, oditwa a, Pawòl la, tèks la, kontèks la. Ke Sentespri a pran kontwòl èt nou, pou nou ka wè Jezikri. Amèn.

7 Mwen vle pale jis pou kèk minit k ap vini yo kounye a sou: *Fason Bondye Founi Pou Jou sa a*.

8 Bondye te toujou gen yon fason. Genyen de fason, se, fason pa nou yo oswa fason pa L yo. Bondye gen yon fason pou jodi a, poutèt Li toujou fè yon fason pou tout bagay. Bondye, depi nan kòmansman, te konn lafen, kifè Li te detèmine Ekriti Li pou chak aj. E aj sa a, lè l vini . . . Kounye a pa manke wè sa. Aj sa a, lè l vini, anjeneral ministè a ap tèlman melanje ak ism, e latriye, ak tradisyon, jouk sa ap elwaye de yon milyon kilomèt de Pawòl la.

9 E Bondye toujou voye yon moun sou sèn lan, yon pwofèt. E pwofèt sa . . . Bondye pa janm chanje sistèm Li. Li pa janm chanje fason L yo. Li toujou fè l menm fason an. Li te toujou fè sa; Li dwe fè l fwa sa. E, atravè sa, Bondye ap travay epi konfime Pawòl sa a. Jan m t ap pale avè w yè swa a, ke Bondye k ap fè pwòp entèpretasyon pa L. Bondye pa bezwen pèsonn pou entèprete Pawòl la pou Li. Li entèprete L Limenm, nan konfime L, pou rann Li reyèl. E lè Bondye di L ap fè yon bagay kèlkonk, alò Li fè l, pa gen okenn kesyon ankò sou sa. Se fason sa Li fè l.

10 Kifè Bondye te prepare yon chemen pou nou. Bondye renmen pitit Li yo. Li renmen pèp Li. Li vle ede yo. Li vle ede w plis pase ou vle resevwa èd. Si w ka jis mete sa nan kè w, ke Bondye pi dispoze ede w pase oumenm ki vle ede tèt ou. Men Li gen yon fason, e se sèl fason ke L ap fè l se nan fason pa L. Ou dwe vini dapre kondisyon L yo, pa kondisyon pa w yo. Kondisyon pa l! Ou vle l yon fason kèlkonk, men Limenm—Li ba ou l fason pa L.

11 Tankou Naaman ki t ap plonje nan rivyè dlo—dlo Jouden an. Franchman, li te di ke dlo rivyè anwo nan peyi l pi pwòp e pi miyò, men se pa t sa pwofèt la te di. "Plonje la a." Li te plonje yon fwa, lèp te toujou la; sis fwa, sa te toujou la. Li te dwe obeyi epi vin nan fason Bondye a. E lè l te obeyi totalman a fason Bondye a, lèp la te pati.

12 E mwen di, aswè a, ke si nou obeyi fason Bondye founi an, lèp la ap pati, maladi ap pati, tout bagay ap pati, men nou dwe vini nan fason pa L pou jou sa. Bon, al plonje nan Jouden an pa t ap itil a anyen kounye a; sa se te pou Naaman. Lalwa se te pou—pou Jwif yo. Gras se atravè Kris.

13 Men chak aj gen pati Levanjil pa l la ki te deja predi. Bib sa a se revelasyon konplè Jezikri a. Pa ka gen anyen ankò pou ajoute Ladann, oswa anyen pou retire Ladann; moun k ap fè sa modi. Nou pa ka ajoute anyen Ladann, ni retire anyen Ladann. Nou dwe gade anndan La a pou wè sa k te pwomèt pou aj sa, e apresa wè l rive. Sa se Bondye k ap entèprete Pwòp Pawòl Li. Lè L te di, "Yon vyèj pral ansent," sa te rive manzè. Sa se entèpretasyon Bondye konsènan Sa. Sa L pwomèt, se sa Li fè.

14 Kounye a nou wè ke Bondye pa chanje sistèm jan L fè bagay yo. Li toujou fè l menm jan an. Nou toujou ap chanje poutèt nou limite. Nou fè tout kalite erè, e nou ka amelyore epi vin miyò. Men Bondye enfini. Premye desizyon l lan pafè tout tan. Li pa ka vin pi entelijan. Li te . . . Li se sous tout sajès. Li se tout sajès. Li

se tout pwisans, omnipotan, omniprezan, omnisyan, epi enfini. Kidonk poutèt sa, lè L di nenpòt bagay la, pandye nanm ou sou Li, paske se vre.

15 Kounye a kèk legliz di, "Epi nou pa kwè *Sesi,* men nou kwè *sela*." Bondye p ap janm jije mond lan—lan pa yon legliz. L ap jije l pa Jezikri, e Jezi se Pawòl la. L ap jije legliz pa Pawòl la.

16 E si *Sa a se* revelasyon Jezikri pou tout aj yo, epi pou aj sa, Li te revele nan Bib sa sa L ta pral fè nan aj sa; e lè nou wè Sa fè l, lè nou wè L ap fè sa L te pwomèt pou fè a. Pa yon nesans tou vyèj; sa se te de milan pase. Men sa L te pwomèt pou fè jodi a, sa L te di Li t ap fè jodi a, se sa L ye jodi a.

17 Anpil fwa, moun yo di, "Ebyen, mwen pa kwè *Sa a.*" Ebyen, ou gen entèprèt Èv la ankò; ki jis pran yon pati Ladann, men pa tout Li.

18 Kifè nou vle raple nou ke Bondye toujou rete menm lan. Pawòl Li, ak sa L di a, L ap fè l.

19 Ki Montre ke Li pa chanje. Nan Jenèz 1, Li di, "Ke chak semans pwodui selon espès li. Se pou chak semans pwodui selon espès pa li." E la menm, nou touche yon bagay drèt la ki ranvèse tout evolisyonis. Ou pa ka rekwaze bagay yo. Tankou ou pran cheval la ak—ak—ak bourik la, kwaze yo ansanm, ou vin gen yon milèt, men yon milèt pa ka rekwaze pou fè yon lòt milèt. Sa estope drèt la. "Chak semans selon espès pa li." Yo ka fè yon kwazman, men li chanje tèt li la menm ankò, ki montre ke sa pa kontinye ap evolye konsa. Non, mesye. Sa ret kanpe drèt la. Ou ka kwaze epina ak yon lòt bagay, ansanm, epi pwodui yon chou frize, men ou pa ka kwaze sa a ankò. Non, mesye. Ou ka kwaze mayi ibrid; men plante mayi ibrid sa a ankò, ou pap jwenn anyen. Ou dwe ibride l a chak fwa. Paske, Bondye te di: "Ke chak semans pwodui selon espès li."

20 E kounye a, nan plede ibride bagay yo, gade nan kisa mond lan twouve l jodi a. Mwen t ap li yon atik isi a, ki soti nan *Reader's Digest,* kote ke, "Nan ventan, fanm yo p ap ka fè timoun, si sa ap kontinye. Poutèt y ap manje manje ibrid." Bagay ki rive a, yo te ibride l, e sa se pa fason ke èt imen an te fèt, pou ap manje kalite manje sa yo. Li te fèt pou rankontre l nan . . . oswa pou manje l nan fason li te kreye a. Se poutèt rezon sa a, jodi a, yo pa ka kite vyann ak tout bagay yo fason yo ye a, se paske li ibrid, plante nan sè epi o, tout sòt de fason. Sa jis tou melanje. Sa rive nan yon pwen kote tout ras imen an ap detwi pa pwòp reyalizasyon yo, nan eseye pran yon bagay Bondye te fè byen, epi vire l lanvè pou fè l yon lòt fason, nan pwòp fason pa yo. Kite l fason Bondye te fè l la!

21 Sa te menm rive nan yon pwen kote y ap eseye ibride legliz yo, jodi a; pase de vrè batèm Sentespri a, a yon bay lanmen; yon jan de aspèsyon, a yon batèm dlo. O, la la! Tout bagay la ibrid. Nou vle retounen dèyè.

22 Yon plant ibrid, ou dwe dòlote l epi flite l, pou chase ensèk ak moustik sou li. Men pa yon plant otantik ki an sante; ki solid, kifò, pa gen okenn ensèk k ap vin sou li. Li gen ase bagay nan li pou chase ensèk la.

23 E se konsa yon Kretyen otantik ye! Ou pa bezwen dòlote l epi tapote l, pou ap di l *sesi, sela,* ou se *lòtbò*. Li gen yon bagay nan li, batèm Sentespri a, ki elwaye tout rès bagay la. Ou pa bezwen sipliye l, paske li se yon plant otantik Bondye. Li gen yon bagay nan li k ap batay. Yon Kretyen ap goumen pou chak pous teren ke l kanpe sou li. Li dwe fè sa, si l te janm espere egziste. Epi, lè l fè sa, gen yon Bagay nan li k ap pran swen l.

24 Èv te eseye ibride Pawòl la, depi nan konmansman. Bondye te di l, "Le jou ou manje ladann, jou sa a w ap mouri." Manzè te eseye ibride L ak konesans ke Satan te ba li a. E lè l te fè sa, li te lakòz tout ras imen an pèdi, drèt la, al jwenn dyab la, lè l te eseye melanje Pawòl Bondye san tach la avèk konesans.

25 Sa pa t vin apati de konesans Pawòl la, li te vini atravè pwisans Sentespri a! "Non pa pouvwa, pa pwisans, men pa Lespri Mwen," Seyè a di. Se konsa Bondye fè l. Pawòl Bondye a se Semans Lavi Etènèl la.

26 Si w eseye ibride L, kisa w pral fè? Ou va touye tèt ou avè L. Sa p ap mache. Li p ap melanje pa plis ke lwil ak dlo te janm melanje. Li p ap fè l.

27 Yo pa t janm, kèlkeswa fason an, te eseye jwenn anyen ki pi bon pase fason Bondye fè l la. Ou konnen, yo pa janm jwenn yon fason, pi bon, pou yon poul fèt nan mond sa, pase limenm k ap beke koki a pou soti. Èske w te konn sa? Yo pa t janm jwenn yon pi bon fason. Ti kanmarad la te fèt ak yon ti kwòk nan pwent—sou pwent bèk li. E ti bèk sa a ke l posede a, se pou l al travay epi al grate, ap grate ale vini, jouk li kòmanse ak tèt li, soti tèt li deyò, Fè chemen soti li. Se fason Bondye founi a. Si w rale l soti nan koki a, sa ap touye l. Li p ap viv si w rale l soti nan koki a. Li dwe vini pa fason Bondye a.

28 Se sa k pwoblèm lan ak Kretyen yo jodi a. Nou te sitèlman flate yo, e nou te ba yo lanmen epi nou te mennen yo an sekrè, epi nou te fè yo manb nan legliz la. Sa yo bezwen se yon priyè alansyèn mòd devan lotèl kote y ap priye nèt ale, jouk yo epwize nèt, vini nan fason Bondye founi an, jouk yo libere tèt yo de mond lan. Pwoblèm lan, jodi a, yo mete non yo nan liv la pou fè yo manb legliz, e se tout sa ki genyen. Men fason Bondye a, fason ki founi an, se pou w rete la pou ap fè chemen w, jiskaske Bondye ba w nouvèl Nesans lan. Se egzakteman sa. Si w pran l pou fè l soti, sa ap touye l.

29 Se sa k pwoblèm lan, jodi a, ak moun yo. Yon nouvèl Nesans, yo tout ap evite l. Yo pa renmen sa. O, yo te jwenn yon bagay pou ranplase nouvèl Nesans lan, "vini epi kwè, e se tout sa w dwe fè." Dyab la kwè, limenm, e ou konnen li pa ne de nouvo.

Gen yon nouvèl Nesans. Gen yon bagay ki vin avè l, li yon jan pa apwopriye, li pa gen bon gou pou mond lan.

30 Nenpòt nesans se yon dega. M pa bezwen konnen ki kote l rive. Si se nan pak kochon an, oswa—oswa yon lopital. Yon nesans se yon dega.

31 Nouvèl Nesans lan se menm bagay! Li va fè w fè dè bagay ou pa t panse w t ap fè. Sa va fè w desann ale alotèl pou ap kriye, rele fò, lave makiyaj sot sou figi w, leve men w, louwe Bondye, pale an lang, ak tout kalite bagay. Nouvèl Nesans lan ap fè sa paske se fason Bondye founi pou w ne de nouvo.

32 Ou dwe mouri. Ou dwe mouri anvan w ka ne yon lòt fwa. Nenpòt semans dwe mouri anvan l rejenere ankò. Awenske li mouri, l ap rete poukont li. Yon nonm dwe mouri a pwòp panse li. Li dwe mouri a nenpòt panse a sof Pawòl Bondye a, epi vini nan fason pa L la. Sa a se teren Bondye a. Nou pa rankontre L nan panse nou; nou rankontre L nan sa Li te di fè a. Sa se fason Bondye founi pou sa. Moun yo eskive l; yo pa vle l. Men se vre, jis menm jan an. Sa ap, sa pwodui lanmò, epi ou dwe mouri, mouri a panse pa w.

33 "Ebyen, mwen konnen Bib la di sa, men m pa ka konprann li." Alò rete la jiskaske Bondye revele l. Se sa. Li gen . . . Sa a se nouvèl Nesans lan.

34 Kanna ak zwa, yo pa t janm jwenn yon pi bon fason pou y al nan Sid, ke pou yo rasanble ansanm an premye. E se vre. Ou va wè yo tout rasanble ansanm e y ap vini yomenm, yon jan de ensten atire yo ansanm, e yo rasanble ansanm epi yo vin ansanm pou rasanble anvan yo pran vòl, anvan y al nan Sid. Kisa sa ye? Se tan revèy la, lè yo tout reyini ansanm. Èske w te janm tande yon tèl vakam nan vi w, tankou pou ap tande zwa sa yo k ap rasanble ansanm, oswa kana sa yo? Mwen pa t janm tande bagay konsa! E yo gen . . . Pa gen okenn lòt, pi bon fason pou yo pou fè sa.

35 Anpil fwa, anwo nan forè nan Nò yo, mwen konn obsève premye kòmansman tanperati frèt, nan Canada. Yon bann kana ki te fèt la menm nan etan sa a, yo pa t janm kite etan sa a, ti kanmarad sa pa t fè sa. E premye bagay ou konnen, yon kourandè frèt te sot nan Nò. Vyek ti, vyek ti kana sa a, li te jis ne yon lidè, te prezante l drèt la nan mitan etan sa a, te leve ti bèk li anlè, te fè kwen kat oswa senk fwa, epi chak kanna sou etan an te dirije drèt sou li. E li te dekole apati de la, e l te dirije l jis toudwat jan l kapab sou Lwizyàn, nan chan diri yo.

36 Poukisa? Yo pa t janm jwenn yon pi bon fason pou li al la. Ou pa ka rasanble yo ansanm. Mete yo nan yon kamyon epi . . . yon poulaye, epi voye yo anba la a. Kana sa a gen pi bon sans pase sa. Epi ou mete l nan poulaye sa a, pou mennen l desann la a, li konnen ke l ap dirije l al labatwa. Se egzakteman sa. Li swiv fason Bondye bay la.

37 Se fason sa lòm ta dwe fè jodi a, pa pou rasanble nan yon poulaye denominasyon. Men vini fason Bondye te di vini an, pa batèm Sentespri a ak nouvèl Nesans lan, revèy rasanbleman. Se pa pou ap fè pati de legliz, ap mache de pòt an pòt, pou ap distribye magazin; men yon Nesans, ke w ne de nouvo, ranpli ak Sentespri a, fason Bondye a, ap libere tèt li de mond lan. Se vre! Kwè Pawòl Bondye a! Lè a rive. Se sa nou dwe kwè.

38 Monchè, ou pap janm ka . . . M pa bezwen konnen konbyen moun ki ta eseye al nan etan kana sa anwo la pou ap di: "Bon tann yon minit, nou menm ti kanna, nou gen yon bagay pou pale avèk nou. Nou gen yon kanna ki edike isi a. Li gen yon Doktora. an Filozofi. epi yon Doktora. an Lèt ak Literati. M pa kache di w, li ka dirije w."

39 Kanna sa yo gen pi bon sans ke sa. Wi, mesye. Yo pa fè ka de pi bon edikasyon li a, kèlkeswa sa l ye a. Yo ka di w jan de kri l ap bay. Se yon ensten. O, la la! Legliz ta dwe konn sa plis konsènan Pawòl Bondye a!

40 Se yon son ensèten kèlkonk. Bib la di, Pòl di, "Si twonpèt la bay yon son ensèten, kimoun ki ka prepare l pou lagè?" Se vre, si legliz—si legliz bay yon son ensèten pou ap "fè manb."

41 Bondye di, "Nesans!" Sa Nesans lan te fè laba a, Nesans lan fè menm bagay la jodi a, paske Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Sa L te ye lè sa a, Li se sa jodi a. Sa yo te fè lè sa a, se menm bagay n ap fè jodi a. Fason yo te jwenn Li laba a, se menm bagay la y ap fè jodi a. Menm Bagay yo gen jodi a, se sa yo te genyen laba a. Si L ap janm vini, L ap vini fason sa a. Se fason sa an, fason Bondye founi an. Sa pa janm chanje.

42 Kana pa janm chanje. Yo tout rasanble, chak ane, al nan nò, nan sid, e kèlkeswa direksyon yo ale a. Yo rasanble dabò.

43 Se fason sa a Bondye fè. Li voye Pawòl Li nan sezon an, nan sezon sa a, apresa Sa manifeste. E m pa fè ka de kantite lòt bagay k ap pase; lè yo wè Pawòl Bondye ki te pwomèt pou jou sa, ki konfime e ki te pwomèt, pa gen anyen k ap rete yo. "Yon vyèj va vin ansent." E lè yo te di . . .

44 "Seyè Bondye nou an va sisite yon Pwofèt tankou m," Moyiz te di.

45 E lè yo te wè Nonm sa vini epi fè bagay Li te fè yo, yo te konnen ke se te Mesi a. Lè Filip te wè sa fèt, li te di, "Ou se Kris la. Ou se Wa Izrayèl la." Li te konn sa paske Pawòl la te pwomèt li, e li t ap vivan nan jou sa a. Pe enpòt kantite Farizyen, Sadiseyen, ki te kanpe toutotou, Doktè an Divinite, sa pa t rete l on ti kras, paske li t ap chache siy sa a. Lè l te wè sa fèt, se te siy pou tan an. Se sa yo t ap chache a, fason Bondye te founi an. Wi, mesye.

46 Kounye a ou pa ta ka bay yon kana, edikasyon. Li pa t ka fè l. Li pa t ap vle l. Rès kana yo pa t ap swiv li, pe enpòt kantite diplòm li te ka di l genyen. "Bon, gade non, mwen t al nan lekòl

kana. Mwen konn tout bagay sou sa. Mwen te diplome. Mwen konn tout bagay sa yo." Sa pa t ap fè ankenn byen. Okenn nan lòt kana sa yo pa t ap swiv li, si yo se kana otantik, amèn, paske y ap chache yon siy kèlkonk. Lè yo wè siy sa a, yo kwè l.

47 E si yon kana gen yon fason pou l konn sa, sa k pase a yon Kretyen ki ne de nouvo? Nou ta dwe konn Jezikri nan pwisans rezirèksyon L. Dakò. Bondye fè l fason Bondye founi a.

48 Sonje, edikasyon pa t ap enstriman pou dirije yo nan plas Bondye founi a. Enstriman yo genyen an se ensten. E yomenm, kana sa yo, konnen ke ensten sa a ap mennen yo nan plas Bondye founi a.

49 Konsa tou Sentespri a mennen Legliz la nan plas Bondye founi a. Pa pou vin pati de yon legliz, men pou ranpli ak Prezans Li, pou wè Pawòl Li a vin manifeste, konfime. Sa a se fason Bondye founi pou legliz, toujou, pou moun yo, pou mennen yo nan plas kote Bondye te founi pou yo a. Se egzakteman sa legliz la ta dwe ye jodi a. Bon, nou konnen ke se vre.

50 Pa gen pi bon fason pou yon . . . Yo pa t janm jwenn yon pi bon fason pou yon ti bebe jwenn sa l vle ke kriye pou sa. Si w ba l yon klòch, pou di, "Junior, ou gen twa jou sèlman, men kounye a lè w vle, lè w vle bibwon ou, leve klòch sa a epi sonnen l," gade si sa ap mache. Sa pap mache. Ti bebe a kriye pou sa l vle a. Sa a se fason Bondye founi an. Plis ou kriye fò . . . Pa bay ti kanmarad la baton, li sèlman ap swiv fason Bondye founi a. Li vle yon bagay. Se vre. Se sèl fason li konnen pou rele manman l; se rele fò pou li, se kriye pou li. Se vre.

51 Bondye rekòmande sa pou pitit Li yo. Bondye rekòmande sa pou timoun kwayan L yo. Li rekòmande l. Se pa diskou entelektyèl, se pa gwo teyoloji, teyoloji pou anseye. Li vle w kriye pou bezwen w yo. E se sa, kriye pou sa! Si w twò rèd epi estrik, ou p ap janm jwenn li. Si w pare pou w sweke kò w on ti kras, epi kriye, Bondye va ba ou l. Li renmen tande timoun Li yo ap kriye. Kriye bezwen w yo bay Bondye! Bondye vle sa. Se fason founi pa L. Kriye pou li! Se fason sa a ti bebe a ap kriye; se fason sa a Li vle w kriye.

"Kriye pou konbyen tan?"

52 Konbyen tan yon ti bebe fè ap kriye? Jiskaske l jwenn satisfaksyon. E se fason sa a Kretyen kwayan an ta dwe fè, pitit Bondye a. Si w wè ke Bondye te fè pwomès la, pa abandone, kriye jouk gen yon repons. Kriye jouk ou wè Bondye konfime Pawòl Li. Lè Bondye konfime Pawòl Li, epi pwouve ke sa la a, alò ou pa oblije kriye ankò; ou jwenn li, al fè wout ou epi remèsye L pou sa. Jiskaske w fè sa, rele byen fò jouk ou jwenn li. Mwen renmen sa, pèsistan, kenbe fèm.

53 Pa yon plant ibrid, pa youn ke yo dwe pouponnen epi dòlote, pou y ap trennen toupatou. Kretyen yo reyèl, otantik, yo ne, ak

materyèl Bondye. Yo goumen pou pozisyon yo, e y ap goumen jouk yo fini sou tè sa. Chak mouvman se yon konba.

54 Bondye te di Moyiz ke Li ba l peyi a. Li te di Jozye, "Tout kote pye w, oswa pla pye w, pile, Mwen ba wou l." Yo te oblije goumen pou chak pous. Konsa n ap goumen pou chak pous. Se pa yon bagay pou ap pouponnen epi dòlote, epi trete konsa, pou ap di, "Ebyen, m ap mennen w laba a, pou wè sa w panse de sa. Ou va bay opinyon w." Se pa fason pou vini an.

55 Vini ak detèminasyon. Vini kòmkwa ou pral rete la a jouk sa fini. Rete la a jiskaske Bondye reponn epi konfime. Yon nonm ki kwè nan Bondye, ka wè Prezans Bondye, santi Prezans Bondye, resanti Prezans Bondye, epi konnen ke Li la. Li la pou reponn pou tout bagay Li te pwomèt pou jou sa. Alò, kriye jiskaske w jwenn li! Akwoche w a Limenm. Pa deplase, menmsi w dwe rete lajounen kou lannwit. Bondye pa vle timoun Li yo ap tande diskou entelektyèl. Li vle yo ap kriye pou Sa, jiskaske pwomès la konfime.

56 Abraham la a te bezwen yon sakrifis. Kisa k te rive? Bondye te ba l yon ayo. Sa se fason Bondye te founi a. Li te bezwen yon sakrifis, kifè Bondye te bay li. Pita, li te rele plas la *Jewova-Jire*, "Seyè a va founi Limenm yon sakrifis."

57 Bon, Jòb, yon fwa, ansyen pwofèt la, Jòb. Li te yon pwofèt. Li te chaje ak pwoblèm. Satan te deside tante l, e li te kouvri l nèt ak ilsè. Epi li te pran pitit li yo, li te pran byen l yo, li te pran tout sa l te genyen, epi li te kouvri l nèt ak ilsè.

58 Epi konsolatè l yo te vini, kisa yo te fè? Yo pa t founi anyen ke mokri, yo te takinen l, ap di l, "Enben, ou te peche, an kachèt."

59 E Jòb te jis kenbe fèm. Li te pouse dè kri. Li te sèten ke l t ap swiv kòmandman Bondye yo. Li te fè jis egzakteman sa Bondye te pwomèt pou fè a. Sa Bondye te pwomèt li a, ke Li t ap kanpe avè l, anba sakrifis boule a, e li te rete la.

60 Kifè, Bondye te ba l yon vizyon. Li te yon pwofèt. Kisa l te wè? Li te wè Pawòl la, Jezikri. Li di, "Mwen konnen Redanmtè m lan vivan. Epi nan dènye jou yo, Li va kanpe sou tè a. Menmsi vè detwi kò sa, kanmenm nan chè mwen m ap wè Bondye." Ou wè, Li te ba li vizyon rezirèksyon an. Li antanke pwofèt, li te wè Pawòl la. Li te wè Pawòl la e li te konnen ke zo l yo ak kò li t ap resisite nan dènye jou a. Li t ap reflechi si sèlman li te konn kote Bondye ye, si sèlman li te ka wè.

61 Li te di, "Yon flè mouri, li leve ankò; yon pyebwa tonbe, li leve ankò; men yon nonm blayi tou long e li rann dènye souf li, li deteryore, kote li? O ke W kache m nan tonbo, epi kenbe m yon kote sekrè jiskaske kòlè W fin pase."

62 Alò loraj te kòmanse gwonde, zèklè te kòmanse ap flache, Lespri Seyè a te vin sou pwofèt la. Epi li te leve kanpe, e li te wè Vini Seyè a, e li te rele byen fò, "Mwen konnen Redanmtè m lan

vivan, e nan dènye jou yo Li va kanpe sou tè a. Menmsi vè detwi kò sa a, nan chè mwen m ap wè Bondye." Bondye te founi Pawòl la, Jezikri, e li te wè L e li te rele L Redanmtè li.

63 Izrayèl te bezwen yon mwayen pou soti nan peyi Lejip, e Bondye te ba yo on pwofèt, yon pwofèt ki te konfime Pawòl yo te pwomèt Abraham lan. Egzakteman, fason Bondye founi a! Yo pa t ka fòme yon sòlda, yo pa t ka fè *sesi,* yo pa t ka fè *sela.* Sèl bagay yo te fè se te tann fason Bondye founi an. Epi Li te di, Li te di, "Li t ap mennen moun sa yo soti, apre katsan lane. Pèp Li t ap nan esklavaj, men Li t ap fè yo soti ak yon bra pwisan. Li t ap pwodui siy ak bèl mèvèy Li yo, pou jwenn glwa nan nasyon sa a."

64 Men nonm lan ki te vin anba a, lè yo te kriye epi kriye! Epitou sonje, tout kri sa yo pa t ap delivre yo, toutotan tan sa a pa t akonpli.

65 Bagay sa yo ke n ap wè jodi a, pa t ka rive ventan pase, oswa karantan pase. Se jodi a sa ap rive. Se lè a! Se tan an! Kounye a se tan an pou l akonpli. Poukisa? Bondye te pwomèt li, epi men li.

66 Santan pase, yo te di, ke, "Batèm Sentespri a pa t ka repwodui ankò." Senkantan pase, yo te di, "Sentespri a . . . " Men noumenm moun Pannkotis yo te pwouve yo, ke se te moman Bondye pou devèse Sentespri a. Pe enpòt sa Metodis, Batis, Prezbiteryen, Literyen t ap di, ou te rete drèt ak Pawòl Bondye a. Mesye kouraje yo t al la a epi yo te kenbe fèm jouk batèm Sentespri a te vini, e yo te pale an lang epi yo te glorifye Bondye. Pèsonn pa ka di w anyen ki lekontrè. Bondye se Pwòp entèprèt Li; ou te sezi sa. Petèt ou pa ka eksplike l, men ou konsyan ke w posede l. Kimoun ki ka eksplike Bondye? Pèsonn.

67 Mwen pa ka di w kijan Bondye ka montre yon vizyon, men mwen konnen sa rive. Mwen pa ka wè kijan Bondye ka fè bagay sa yo. Se pa zafè pa m pou m eksplike l. Li, rete poukont li. Li se Elohim, Sila ki otosifizan an. Mwen se jis sèvitè Li. Mwen konnen Li te pwomèt li, e mwen konnen sa isit la. Sa a se yon bagay ke m konnen. Mwen konn sa, ke Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Mwen konnen Li te pwomèt sa, e Bondye isi a pou rann pwomès Li vrè. Ya. Fason Bondye founi an!

68 Yo te founi yon pwofèt pou Izrayèl, ki te konfime Pawòl la, e yo te fè yo soti. Pwofèt sa, Moyiz, li te viv pandan plizyè lane nan dezè a, karantan, ap lite ak moun sa yo, ap eseye kenbe yo jiskaske li te ka mennen yo nan latè pwomiz. Sa te rive nan yon pwen, ke nonm lan te dwe mouri; li te gen sanventan. Pa t gen yon kote pou l te mouri. Lè l te prè pou mouri, Bondye te founi l yon Woche; Wche li te frape nan dezè a, Woche ki te swiv yo a, ke yo te bwè ladann lan. Bondye te founi l yon Woche, yon kote pou l mouri, kote Moyiz te ka mouri yon lanmò akseptab.

69 Sou Woche sa, Bondye, kite m mouri sou menm Woche sa a! Se la a mwen vle. Woche sa a se te Kris Jezi. Wi, mesye.

70 Apre l te fin mouri, sou Woche sa a, li te bezwen moun ki pou pote l. Bondye te voye yon bann Zanj pou li. Poukisa se pa t pakèt ansyen l yo? Paske pèsonn pa t ka mennen l kote l ta prale a, eksepte Zanj. Yo te pote l nan Prezans Bondye, li te bezwen pòtè e Bondye te founi l. Li te pati fason Bondye te founi a. Alelouya!

71 Enòk te mache senksanzan avèk Bondye, e li te fè Bondye plezi. Li te bezwen yon otowout pou l rantre Lakay. Bondye te founi l.

72 Eli te modi Jezabèl konsènan figi makiye l la, epi fason l te fè tout moun yo ap aji a. E li te fatige epi bouke, e li te sou pwen rantre Lakay. Li te sitèlman aje ke li te apèn ka travèse Jouden an; Bondye founi yon fason pou l te travèse Jouden an. Li te vle monte nan Syèl, pou rankontre Bondye; Bondye te voye yon charyo dife desann, ak cheval, pou monte avè l. Fason Bondye founi an. Fason Bondye founi an. Li toujou fè l jis egzakteman. Dakò. Wi, mesye. Bondye toujou founi, yon fason. Wi.

73 Mesye maj yo, lè yo te sou wout yo soti anwo nan Babilòn, yo t ap gade yon fason yo te vle desann, paske yo te konnen Wa sa a te dwe ne. Yo te bezwen yon bousòl; Bondye te founi yon Etwal. Yo te kite tout lòt bagay dèyè. Yo pa t bezwen bousòl; yo te swiv Etwal la. Se te fason Bondye te founi an. Bondye te founi yon fason, yo te swiv Etwal la jiskaske yo te jwenn Limyè pafè a. Oo!

74 Yon jou, mond lan te bezwen yon Sovè. Yo te pèdi; yo pa t konn sa. Yo panse yo te sove, men yo te bezwen yon Sovè. Bondye te founi yon Pitit gason, antanke Sovè a. Poukisa? Pèsonn lòt pa t ka fè l. Pa t gen pèsonn sou tè a, pèsonn nan Syèl la, pyès kote, ki te ka fè sa. Bondye kouvri yon vyèj ak lonbraj, li te vin ansent e li te fè yon Pitit-Gason. E Pitit-Gason sa a pa t ni Jwif ni Moun lòt Nasyon. Li te Bondye, manifeste nan lachè, sèl Moun ki te ka rachte. San L sove nou. San L geri nou. Se sou San sa a ke nou ka pran pozisyon, pou nenpòt pwomès ke Li te fè. Bondye te pwomèt pou fè sa.

75 Bondye rankontre adoratè a sèlman atravè San an, e anba San an. Izrayèl te gen yon sèl kote pou rankontre Bondye. Pa nan yon. . .Bondye gen yon sèl Kote, jodi a, ke Li—Li rankontre adoratè a; pa nan Metodis, Batis, oswa Pannkotis. Li rankontre yo anba San an. Sa a se sèl plas founi ke Bondye genyen; pa nan òganizasyon, pa nan sendika. Men nan San an se kote Jezikri rankontre adoratè Li. "Lè m a wè San an!" Sa se fason Bondye founi an.

76 Apre ke legliz te fin konvenk konplètman, lè yo te wè L, ke Li te Mesi a!

77 Lè ti fanm bò pwi a, lè l te bezwen yon Sovè, li te bezwen yon bagay pou l montre. Li te konn al legliz ak tout lòt bagay, e yo te konn wè kredo sesi ak kredo sela, jouk, li te fini pa tounen yon

pwostitye. Sa te voye l nan lari. Yon jou, li ta pral pran yon bokit dlo, apeprè onzè nan jounen an, epi la a yon Nonm te chita; yon Jwif anwo la a, nan ti peyizaj sa. Epi manzè te di . . .

78 Lè l t al desann bokit li a anba ak manivèl la, pou pran dlo, li te tande yon Nonm di, "Madanm, pote dlo ban Mwen." E manzè te di . . .

79 Li te vire byen vit, ap panse ke Li te jis yon Jwif òdinè, paske Li te jis imen an otan sa te konsène kote fizik. Li te yon Nonm; ap manje, bwè, dòmi, tankou nou fè l. Li te tèlman imen jouk Li te ka mouri, e poutan Li te Bondye. Alò nou reyalize ke, ke lè . . .

80 Te di: "Se pa nan abitid pou noumenm Jwif ap mande Samariten jan de bagay konsa."

81 Li te reponn, "Men si w te konn a Kimoun w ap pale a, ou t ap mande M dlo pou bwè." Te di, "Al chache mari w epi vin la a."

Manzè te di, "Mwen pa gen mari."

82 Te di, "Ou di laverite. Ou te gen senk, e sila w ap viv avè l kounye a pa pou wou." Kisa k te pase? Bondye te founi l yon bagay.

83 Li te di, "Mesye, mwen wè Ou se yon Pwofèt. Nou konnen ke lè Mesi a vini, Li va di nou bagay sa yo. Se sa L ap fè. Pawòl la di sa. N ap chache sa. Mwen about e fatige ak tout bagay sa yo, kredo ak bagay konsa, Farizyen, Sadiseyen, ak Ewodyen, pe enpòt sa l ta ye a. Men nou konnen yon Mesi ap vini, lè L vini. Kisa W di sou sa?"

84 Li te di, "Mwen se Li." Amèn! Bondye te founi yon mwayen. Li te kite krich dlo a, yon fanm chanje, epi li te kouri al nan vil la, pou ap di, "Vini wè yon Nonm Ki te di m bagay mwen te fè. Èske se pa Mesi a?"

85 Pyè, t ap tande istwa Andre a, e li te konn tande l anpil fwa, te tande Andre ap pale de Jan ki t ap prezante yon Mesi, epi yon Nonm, ak tout bagay sa yo ki t ap rive. Tou sa se te mistè pou Pyè. Men yon jou li te vini avèk Andre, pou wè Jezi. E lè l te rive nan Prezans Jezi, Jezi te gade l, e L te di: "Non w se Simon, e ou se pitit Jonas." Bondye te founi Pyè fason pou wè Kimoun Li te ye. Li te Mesi sa a.

86 Kounye a nou jwenn, apre Jezi te fin mouri, epi monte nan Syèl, Legliz te bezwen Pwisans, pou temwaye. Bondye te ba yo Pannkot. Li te founi yon Pannkot.

87 De mil lane te pase, zanmi m yo. De mil lane te pase. Nan dènye jou sa yo, nou te rann nou la, lòm te anbake nan sistèm Krisyanis la epi te pèvèti L ankò, ibride L ak kredo, ak legliz, ak denominasyon, ak diskou entelektyèl, jiskaske Pwisans lan ak vrè bagay Levanjil Kris la pratikman pèdi. E men nou ak Pawòl ki te pwomèt pou dènye jou sa yo, sa k ap rive, kisa k ap rive; lòm pa kwè L. Yo te elwaye yo de Li. Ou mande yo si yo se Kretyen; yo di, "Mwen fè pati de *tèl-e-tèl*." Sa pa vle di anyen menm. Ou

dwe yon Kretyen pa nesans. Kounye a nou rantre tout bagay la nan yon Babilòn ankò, apre de mil lane.

88 Legliz la jodi a bezwen Pwisans ak Verite, ankò. Oo! Bondye te resisite Pitit Li a, pou ke tou sa te regle, paske Li di, "Nan yon ti tan e lemonn p ap wè M ankò; poutan nou va wè M, paske M ap avèk nou, menm nan nou." Nou jwenn, nan Ebre 13:8, "Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan."

89 Nou jwenn, nan Malachi 4, ke Li te pwomèt nou yon Mesaj nan dènye jou yo, ki ta "restore Fwa moun yo tounen jwenn papa yo ankò." Li te pwomèt li, nan dènye jou yo.

90 Li te pwomèt tou, nan Jan 14:12, "Sila ki kwè nan Mwen, zèv ke M fè yo li va fè yo tou. Menm plis ke sa, oswa pi plis pase sa, li va fè, paske M pral jwenn Papa M."

91 Li t ap pale yon jou. Yo te di, "Mèt, montre nou yon siy."

92 Li te reponn, "Yon jenerasyon fèb e adiltè ap chache yon siy." Sa se jenerasyon sa a ke n ap viv ladann jodi a. Li te di, "E m ap ba yo yon siy. Paske menm jan Jonas te nan vant balèn lan, twa jou e twa nwit, konsa Fis de lòm lan dwe al nan fon tè a, twa jou e twa nwit."

93 Kijan de siy yon jenerasyon mechan e adiltè t ap jwenn? Siy rezirèksyon an. E se sa yo te pwomèt nou jodi a, siy rezirèksyon an kòmkwa Li toujou vivan, Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

94 Li di, "Menm jan l te ye nan epòk Lòt yo," jan nou t ap pase sou sa yè swa a. "Nan jou Lòt yo, sa k te rive nan jou Lòt yo, se konsa sa ap ye nan vini Fis de lòm lan." Bagay sa yo ke yo te pwomèt nou, anpil lòt Ekriti. Pou evite pran tan . . . "Nan yon ti tan e mond lan pa p wè M ankò. *Kosmos*, 'lòd la, aj legliz la,' yo p ap wè M ankò. Poutan nou va wè Mwen, paske M ap avèk nou, menm nan nou, jouk nan fen aj la." "Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan." Kisa sa ye? Se siy Bondye founi an, fason Bondye founi an.

95 Abraham t ap tann pitit gason an. Dènye siy ke l te wè anvan destriksyon Moun lòt Nasyon yo, se te Bondye ki te manifeste nan lachè imen, ki te konn sekrè kè Sarah lè l te nan tant lan. Jezi di, "Sa ap retounen ankò lè Fis de lòm lan va vini." Frè, sè, mwen kwè n ap viv nan jou sa a. Mwen kwè sa se jou pwomès la.

96 Ou dwe gen fwa nan sa w ap fè. Si w pa gen fwa, si w jis pran l pou pretann . . . Dapre Webster, mo *pretann* lan vle di, "avantire san otorite." Men lè Pawòl la pwomèt li, e Bondye kanpe dèyè Pawòl sa a, ou pa pretann ankò. W ap fè egzakteman sa Bondye di fè a, e Li gen obligasyon pou apiye Sa.

97 Yon—yon gran predikatè abitye ak revèy, trè selèb, sa fè plizyè lane, mwen te wè l lè m te yon ti jenn gason, se te Paul Rader. Li te rakonte yon istwa, yon jou, ki te toujou rete avè m. Li di, "Yon jou, nou t ap koupe bwa." Li te yon bichwon, anwo

nan Oregon, epi li di ke bòs la te di l monte sou tèt kolin lan. Li te nan yon rèv. Kote l te ye vrèman, nan moman an, se te anba a nan zile yo; epi li te trape yon lafyèv, gwo lafyèv cho, e li t ap mouri. Yo t al chache yon doktè, men li te a dè mil e mil de distans pi lwen, nan kannòt.

98 Anvan doktè a te ka rive la, Pòl te kòmanse ap febli, te vin malad plis e pi plis. Li te rele madanm fidèl li. Li di, "Cheri, li kòmanse fè nwa nan sal la, pi fè nwa, ap fèmen." Epi li te tonbe nan yon koma.

99 E lè sa te rive l, li di li te reve, lè l te nan koma sa, ke bòs li te voye l koupe yon pyebwa kèlkonk. Li te jwenn pyebwa a, li te ranvèse pyebwa a, li te anfonse rach li ladann, epi l te bese pou soulve l. Li jis pa t ka soulve l. Li di ke fòs li te diminye. Li jis pa t ka ramase l. Li di, "Menm ak tout gwosè pyebwa sa a, se sèten mwen ka soulve sa. Kite m eseye ankò." Epi li te desann e li te soulve l, li te jis ap travay di jiskaske l te epwize. Li te chita sou kote pyebwa a, epi te di "M jis pa konn kisa m pral fè. Bòs la egzije pou pyebwa sa a desann anba la a nan kan an, e mwen twò fèb pou mennen l anba a."

100 Li di li te tande Vwa ki pi dous li te janm tande, se te bòs li ki te pale; men li di, lè l te vire pou wè kimoun bòs li te ye, se te Seyè Jezi a. Li di, "Pòl, poukisa w ap batay konsa? Poukisa w ap ba w tout tèt chaje sa a? Ou wè dlo sa a k ap koule la a?" Li di, "Poukisa w pa jis jete biyo a nan rivyè a, epi sele l file desann? Dirije l nan kan an."

101 Li te sote sou biyo a epi l te kòmanse desann sou vag yo, ap rele ak tout fòs vwa l. "M ap sige sou li! M ap sige sou li!"

102 Frè, sè, Jezikri te pwomèt pou ke bagay sa yo t ap rive nan dènye jou yo. Mwen kwè ke n ap viv sa la a. Mwen kwè ke Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. M pa konn kijan sa te rive, men m ap sige sou Li. Mwen kwè ke Se Laverite, paske Se Levanjil la, fason Bondye founi an. Mwen kwè Se Mesaj pou tan an, tan n ap viv ladann lan. Se fason Bondye founi an. M ap sige sou sou Li!

Èske w pa vle sote sou li avè m, pandan n ap bese tèt nou?

103 Papa nou ki nan Syèl la, n ap file nan Laglwa sou Pawòl Ou. Nou kwè ke Pawòl Ou se Laverite. O Bondye, ke chak gason ak fanm, aswè a, monte abò Pawòl la, epi sonje, pandan y ap desann nan vwayaj la, yo ka konfese, "M ap sige sou pwomès Bondye a. Sa ap mennen m drèt nan Laglwa. Se fason Bondye founi pou mwen jodi a. 'Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.'"

104 Ou di, "Nan yon ti tan e mond lan p ap wè M ankò, poutan noumenm n ap wè Mwen; paske m ap avèk nou, menm nan nou." Ou te pwomèt nou, Seyè, nou t ap wè W.

105 Grèk yo te vini, yon fwa, epi te di, "Mesye, nou ta vle wè Jezi." E yo te akòde yo privilèj sa a. E aswè a, Seyè, nou vle wè W, tou. Se

dezi kè nou. Pèsonn pa ka menm tande pale de Wou, amwenske yo vle wè W. Alò si yo te pèmèt Grèk sa yo pou wè W, epi Ou te founi yon fason pou nou wè W, Ou toujou bay yon fason paske Ou se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Yon sèvitè te mennen Grèk sa yo nan Prezans Ou, e yo te oblije wè W. Akòde nou menm privilèj la aswè a, Papa. Ke nou, antanke sèvitè, mennen oditwa sa nan Prezans Ou. E pèmèt ke nou wè Jezi, aswè a, Ki se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Akòde l, Seyè.

106 Sove moun ki pèdi yo, Seyè, si gen yon nonm, yon fanm, yon jenn gason, oswa yon jenn fi. Lè nou wè nasyon nou an sitèlman polye ak asasen e sanginè, ak pèvèti, epi ap gade koripsyon nan nasyon an jodi a! Epi wè kòripsyon nan legliz yo, epi wè yo k ap mennen nan masak ekimenik sa a anwo la a, paske yo p ap swiv fason Bondye founi an! Yo prale pa fason kèk kredo olye pou yo vini pa Pawòl la.

107 Bondye, nou priye ke vrè Kretyen, otantik, ki ne yo, jan m te bay egzanp lan, poutèt yo se de vrè kana, yo. . . "Brebi M yo tande Vwa M, yo p ap swiv yon etranje." Seyè, Vwa W se Pawòl la. Sa se te toujou fason Ou te founi pou Legliz epi moun yo, se Pawòl Ou. "Pawòl Ou se Laverite." E Ou se Pawòl la. E Bib la di nou, "Pawòl Bondye a pi file pase yon epe de bò, youn k ap disène panse ak entansyon kè."

108 Poukisa Izrayèl pa t ka wè Mesi yo a, alòske yo te wè ke Li te Pawòl sa a, alòske Li te ka disène panse ki te nan kè yo? Poukisa yo pa t fè sa? Yo te konprann li atravè pwofèt yo, ke pwofèt yo te ka sa; men lè plenitid Bondye a te vini nan Pitit Li a, e Li te viv pami nou, alò yo te echwe pou wè l paske yo te avèg.

109 Seyè, sa yo ki gen je yo louvri, aswè a, ke nou wè Jezi nan mitan nou. Ke chak moun ki malad geri. Ke sa regle l, Seyè, ke yo p ap janm, jamè, apati de moman sa a. . . sinon ke yo pral kwè Ou se Mesi a. Y ap vin nan fason Bondye a. Anpil nan yo isi a, aswè a, ap mouri. Gen anpil isi a, aswè a, ki petèt p ap isi a nan yon semèn, si Oumenm, èd Ou pa vini.

110 Kounye a, Papa, Ou sèlman responsab pou sa Ou te pwomèt. Men Ou te pwomèt tout bon ke nou t ap wè W. Ou te pwomèt ke sa W te fè nou t ap fè l tou. Sa se lè a. Mwen te konfese l; Mwen kwè l. Mwen te tande W di sa; Pawòl Ou di sa. Ou konfime l. Mwen konnen se vre. Kounye a kite yo konn sa, Seyè. Sa te ekri, kounye a kite l akonpli, poutèt Wayòm Bondye a. Amèn.

111 Mwen pa kwè nou pral gen yon liy priyè. Mwen kwè m ap jis fè l drèt la a.

112 Konbyen nan nou ki malad? Kounye a èske w ap. . . Kenbe men w, pou deklare ke w malad.

113 Konbyen nan nou k ap temwaye menm bagay la, "Frè Branham, mwen vrèman pa sove"? Èske w vle leve men w, "Priye pou mwen"? Bondye beni w, oumenm. Se byen. Sa se. . . Bondye beni w. "Mwen pa sove."

114 Kounye a, oumenm ki te leve men w, e oumenm ki pa t fè l, "Men, Frè Branham, mwen vrèman vle sove. Se kè mwen. Mwen kwè pa gen anyen ki rete pou nenpòt moun nan mond lan." Kisa anplis, kisa w ka reyalize, ki ta pi gran pase sali w? "Priye pou mwen. Mwen vle sove." Èske w ta vle leve men w, toupatou nan bilding lan, kèlkeswa kote a, "Mwen vle . . . "?

115 Konbyen nan nou ki poko resevwa Sentespri a, ki di, "Mwen konnen mwen dwe resevwa L"? Leve men nou. "Mwen poko; mwen vle sa." Dakò, gen kèk ki poko.

116 Kounye a, Kris kenbe Pawòl Li, e ou dwe kenbe fwa w nan Li. Li se Pawòl la. Bon, Ebre chapit 4, di ke, "Pawòl Bondye a," ki se Kris. Kris se Pawòl la. Nou tout konn sa? Di, "Amèn." [Kongregasyon an di: "Amèn."—Editè a.] Li se Pawòl la, "menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan." Sa L te ye nan Moyiz, Li te sa nan Eli tou; sa L te ye nan Eli, Li te sa nan Jan; sa L te ye nan Jan, Li te konplete pwòp tèt Li nan—nan Jezi. E jodi a Li se menm nan jan L te ye lè sa a, e Se toujou Pawòl Bondye a ki te pwofetize pou jou an, ki rann Li Limyè k ap limen epi konfime Pawòl pwomès la.

117 Nou nan tan lafen an, zanmi. Jezi prezan. Mwen konnen nou te tande sa.

118 E si w pa t janm wè, nan vi w, epi ou pa t janm gen sans vizyon, okenn èt imen pa t genyen l, men detanzantan moman ou te konn santi yon vrè sansasyon konfòtab? Epi m te gen sans vizyon, m te ka wè, e m ta di w se te solèy la. Ou t ap di, "M pa konn kijan sa rive, men mwen gen yon sansasyon, tankou chalè, ou ka santi l."

Mwen di, "Sa se solèy la."

"Kisa solèy la ye?"

"Se yon limyè."

"Kisa yon limyè ye?" Tout sa t ap yon mond nouvo pou wou.

119 Men e si m ta di nou ke Jezikri kanpe la kounye a? E si m ta di nou Li nan mitan nou? Li te pwomèt sa. "Kèlkeswa kote de ou twa rasanble nan Non Mwen, Mwen la a nan mitan yo. Men Mwen!" Kounye a se swa Laverite, pou mwen, *Sa* se tout Verite a, oswa Li pa Verite a ditou. *Sa* swa se Vre, oswa se pa vre.

120 Kounye a, pou sa k gen rapò ak sove w, Li te fè l lè Li te mouri sou Kalvè a. Geri w, Li te fè sa lè Li te mouri sou Kalvè a. Ou kwè sa. Pawòl la te di Li te fè l.

121 Kounye a sèl bagay ke L te ka fè, si L te kanpe isi a ak—ak kostim sa a sou li, ke L te ban mwen an, se t ap sèlman pwouve w ke L te Mesi a.

122 Pa ak mak klou nan men L. Nenpòt ipokrit ka fè sa, mete mak klou, ak san sou figi l, epi bann mak ak lòt bagay. Sa ka fèt. Sa te fèt. Anpil moun te menm krisifye tèt yo tankou L. Se pa sa.

123 Men se Vi Li, sa k te nan Li a! "Pitit la pa ka fè anyen, Limenm, ke sa Li wè Papa a ap fè." Se Vi ki, nan Li a, ki te pwouve l. Se pa paske L te yon Jwif ke ti fanm bò pwi a te kwè Li se Mesi a; se paske L te ka disène panse ki te nan kè l, ki te fè L Mesi a. Si se te fason sa Mesi a te prezante Tèt Li nan tan pase yo, se te fason Li te founi pou fè konnen l Limenm. Sa se fason Li te founi an, dapre Lekriti, pou aj sa a. Èske w kwè sa?

124 Kounye a, pounou chak isi a, mwen se yon etranje. Mwen gade toutotou, mwen pa wè yon moun ke m konnen. Tout moun isi a, ki pa konnen m, e ki konnen ke m pa konn anyen de nou, leve men nou. An grann kantite, toupatou. Moun sa a ki lonje la sou branka sa, te leve men l. Li pa t konnen m. Pèsonn pa konnen m.

125 Men sonje, Bondye konnen w tout bon. Bondye konnen w. Kounye a, si L pwouve ke Li isi a.

"Kisa sa ye, Frè Branham?" Se yon don.

126 Kisa yon don ye? Kisa yon don ye, detoutfason? Se pa pran yon bagay epi sèvi ak yon bagay, pou ap di, "Mwen gen yon don gerizon! M ap soti epi geri *sila*, geri *sa*." Si m te kapab, m t ap fè l sètèn. Kounye a, se, men, yon don, li, ou—ou, w ap mal entèprete yon don, yon *don* se jis "retire tèt ou nan chemen an epi kite Sentespri a itilize w." Ou wè? Sa se don an.

127 Se sa yon minis ye. Li pa preche sa l vle preche. Li jis retire tèt li nan chemen an, se yon don, epi enspirasyon an vini, e li—li pale sou enspirasyon Sentespri a. Nenpòt lòt don se menm jan an. Kounye a, don ministè yo, e latriye, te egziste. Gen, dabò, don Bondye bay, se, "an premye apot yo, pwofèt yo, anseyan yo, pastè yo, ak evanjelis yo." Sa se pòs yo. Sa se don nou yo.

128 Bon, Jezikri te pwomèt ke Li t ap fè sa nan dènye jou yo. Si L fè l, si L pwomèt sa epi Li fè l, konbyen moun k ap kwè epi aksepte L, aswè a? Leve men w, di, "M ap aksepte L." Konbyen moun bò la a alò. . . Mèsi. Konbyen moun isi a ki pa t janm al nan youn nan reyinyon yo anvan, leve men nou. O la la, prèske mwatye foul la. Konbyen ki kwè, anvan Li fè l, ou kwè kanmenm? Bondye beni w.

129 Kounye a gade. Si m te di nou Laverite, Bondye oblije reponn mwen. L ap fè l. Li mete Pawòl Li nan bouch ou epi Yo materyalize. Se vre, Se Pawòl Li, Li dwe fè l. "Mwen voye Pawòl Mwen, Li p ap retounen vid."

130 Kounye a, si m te ka geri, m t ap fè l. Jis tankou onorab la, defen, Frè Upshaw ke n t ap pale de li a. Pèsonaj aje sa a ki chita dèyè a la nan chèz woulant sa, yon nonm aje vanyan, m t ap geri l si m te kapab. M te kòmanse kite estrad la, franchman, e m te vire tounen epi m te wè l nan yon vizyon, ap prale, ap mache. M te rele l, te di l sa l te ye, e se te regle. Li te leve epi l te mache, li te vin sou estrad la, li te manyen zòtèy li yo, apre ke l te yon enfim pandan swasant sis lane. Ou wè?

131 Menm jou swa a, yon dam nwa, ak bebe l, anba la a sou kote a. Mwen di, "Mwen wè yon—yon doktè ak linèt nan je l, e—e l ap opere yon ti, jenn fi nwa, e sa te paralize l soti depi gòj li."

132 Yon fanm nwa aje, se apèn si w te ka kenbe l lwen estrad la. Li di, "Seyè, mizerikòd, sa se bebe m nan!" Epi men li ki vini, yon bann siveyan pa t menm ka kenbe l.

133 Mwen di, "Matant, sa p ap itil anyen pou w vin anwo la a. Sa se pa . . . Se Bondye." Mwen di: "Sa p ap itil anyen pou w vin la a. Jis kwè." Epi li te desann sou jenou l epi li te kòmanse priye. M te gade atravè oditwa a e m te wè yon riyèl, kòmsi, ki prale. Mwen te wè yon ti jenn fi nwa ak yon poupe nan bra l, ki t ap desann nan riyèl la. E m te gade tifi, nwa a, m te gade dèyè, e se te menm nan. Mwen di, "Sa te reponn." Li te leve kanpe, epi li te kite sivyè a. Ou wè?

134 Se Bondye. Ou wè? Se Bondye. Ou wè? Li pa ka . . . Pèsonn pa ka geri. Se fwa w nan Bondye.

135 Ebyen, Bib la di ke Li se yon Souvren Sakrifikatè, kounye a menm, ke santiman enfimite nou yo ka touche. Èske w kwè sa? Yon Souvren Sakrifikatè! Kounye a, si L se yon Souvren Sakrifikatè, kijan L ap aji? Si L se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, L ap aji menm nan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

136 Kounye a priye, epi kite Sentespri a alò . . . Di Bondye, "Bondye, nonm sa ki kanpe la a pa konnen m, men sa L di a fè sans. Ou se menm lan. Ou se Kris. Mwen malad. Mwen nan bezwen. E si W kite m swa . . . Si m pa gen fwa pou fè l, kite yon moun ke m konnen ki gen lafwa, epi pèmèt ke . . . Ou rele epi kite—kite—kite m oswa kite moun sa a touche woulèt Rad Ou nan Laglwa. Apresa si nonm sa soti nan chemen an, alò Ou itilize bouch li pou reponn, epi jis fè l menm jan Ou te fè lè W te sou tè a. M va konnen ke Ou se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan."

Annou bese tèt nou kounye a.

137 Seyè Jezi, n ap chanje de evanjelizasyon a zèv pwofetik, men poutan mwen kwè W, Seyè, Ou te pwomèt li. E mwen priye ke W va akòde l, aswè a. Akòde l. Tande mwen. Lè oditwa sa a kite la, aswè a, epi n al lakay nou, ke nou ka di tankou sa yo ki te soti Emayis, "Èske kè nou pa t ap boule anndan nou pandan L t ap pale avèk nou sou wout la?" Jezi te resisite soti nan lanmò; yo pa t konn sa. Yo t ap pale avè L; yo pa t konn sa. Men lè L te rantre avèk yo nan kay la, epi te fèmen pòt la, alò Li te fè yon bagay fason Li te fè l anvan Krisifiksyon L. Sa te louvri je yo. Yo te wè se te Li. Ankò, Seyè, ke kè nou ap boule pandan nou pral lakay aswè a, tankou yo. Paske nou konnen ke Ou te pale avèk nou sou wout la. Fè bagay sa yo, aswè a, ke Ou te fè lè W te sou tè a, paske Ou se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

138 Kounye a rete nan lapriyè epi jis kwè. Annou konsakre kote *sa a*, dabò. Pe enpòt kote w ye a, nan bilding lan, kwè Bondye.

Mwen swete ke tout moun ka vrèman bay respè e rete trankil, priye.

139 Sa totalman enposib. Mwen t ap pale maten an, nan dejene ak minis yo de, "yon paradòks." Yon *paradòks* enkwayab, "yon bagay enkwayab, men poutan ki vre." Nou konnen ke Sentespri a ka kanpe la a epi pwononse yon bagay nan oditwa sa a, pou moun ke m pa konnen, sa ta dwe yon paradòks. Se yon bagay ki pa ka eksplike. Mwen pa konn si L ap fè l. Mwen jis espere ke L ap fè l, Mwen kwè ke L ap fè l.

140 Kounye a jis priye, epi di, "Seyè Jezi, mwen vle touche rad Ou, e mwen—mwen gen yon bezwen. Mwen pwomèt Ou, Seyè, m ap—m ap sèvi W tout vi m." Bondye vle w repanti. Si w pa t repanti deja; repanti, di, "Mwen vle repanti, Seyè. Mwen vle W geri m. Mwen vle W beni m. Geri m kounye a Seyè. Mwen se sèvitè W."

141 Mwen ta pral . . . Èske nou te distribye kat priyè jodi a? Mwen jis ta pral mande Billy si . . . Si l pa t fè sa, mwen t ap fòme yon liy priyè. Men yo pa t janm distribye kat priyè jodi a. Jis chita ak respè, kwè.

142 Kounye a, nan Non Jezikri, mwen pran tout espri isi a sou kontwòl mwen, pou glwa Bondye, pou Pawòl Li ka revele, ke nan Jou Jijman an nou p ap gen okenn eskiz.

143 Bon gade nan direksyon sa, epi kwè kounye a. Priye ak tout kè w, epi jis priye, avèk imilite, pa lite ak Sa, jis detann ou, epi di, "Seyè, Ou te fè pwomès la. Mwen kwè W." Se sa m dwe fè.

144 Mwen konnen pa gen okenn nesesite pou m mande w. Konbyen moun ki janm wè Limyè sa a? Ann wè. Ou te wè foto L. Ann wè men w, moun ki te janm wè foto L la. Èske nou pa wè L la a menm? Ou wè, se yon lòt dimansyon. Li jis anwo dam sa a.

145 Manzè ap soufri ak pwoblèm nan janm li yo ak do l. Li . . . Èske w kwè ke Bondye ka geri w, sè? Kisa w te touche? Ou pa konnen m, men ou te touche yon Bagay. Si Seyè Jezi a di m kimoun ou ye, èske sa ap fè w kwè pi byen? Ou se Madam. Phillips. Si se vre, kanpe sou pye w. Dakò. Èske m totalman etranje pou ou? Leve men w si se vre. Mwen pa t janm wè l nan vi m. Kisa l te touche? Al pale ak dam lan, apre sa. Tout doulè yo ale kounye a. Ou kòrèk. Ou ka al lakay ou epi fè mye.

146 Men yon dam, drèt dèyè l la a. L ap soufri ak yon kriz nè. O Bondye, si l pa . . . Non li se Madam. Star. Kwè, Jezikri ap geri w. Leve kanpe sou pye w epi aksepte gerizon w. Si m se yon etranje pou ou, ajite men w. Kriz depresyon w lan fini. Jezikri geri w.

147 Kisa L te pwomèt? Li te pwomèt sa. Èske w kwè?

148 Gen yon dam jis dèyè l, ki chita la a. L ap priye. Li gen pwoblèm nè, li gen konplikasyon. Li vle kite fimen. Non li se Madam. Bordon. Leve kanpe, Madam. Bordon. Pwoblèm sigarèt ou a fini. Jezikri geri w. Mwen pa t janm wè dam lan nan vi m.

149 Èske w kwè? Bon ou konnen ke m pa ka fè sa. Sa se Jezikri. Kisa sa ye? "Pawòl la pi rapid, pi pwisan, pase yon epe de bò, li disène panse ak entansyon ki nan kè." Se Pawòl la, Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Èske w pa ka kwè sa?

150 La a, men yon nonm ki chita bò la a, ak yon èni, pwoblèm kè. Se vre. Mwen pa konn mesye a. Mwen pa t janm wè l. Men li se yon minis. Reveran, Mesye. Kinsey. Se vre. Èske w kwè, mesye? Leve kanpe sou pye w epi resevwa gerizon w. Jezikri geri w.

151 Anpasan, èske w vle fè m yon favè, antanke minis? Poze men w sou madanm ou, l ap soufri ak yon pwoblèm ren, ak pwoblèm fwa, ak obezite, ak konplikasyon. Poze men w sou li. Sa ap kite l, si w kwè.

152 Gade non, gen yon nonm ki chita drèt dèyè w, li gen lonbraj lanmò sou li. Li gen kansè. Nonm lan ap soufri ak timè, kansè, ak pwoblèm nè. Non li se Mesye. Young. Kwè kounye a. Jezikri geri w. Èske w kwè sa? Èske w aksepte l? Dakò, mesye.

153 Men yon nonm ki lonje la a, lonje la a sou branka sa. Mesye, mwen pa konnen w. Si m te ka geri w, m t ap fè l. Mwen se yon etranje pou ou. Ou sot tout distans sa a. Ou te fè yon efò pou vin isi a. Ou pa ka kache sa k pa mache lakay ou; men mwen pa ka geri w. Ou vin la a ak madanm ou. Se limenmn ki chita la a ak manto koulè pèch sa sou li a. Se vre. Dakò. Nonm lan kouvri ak lonbraj lanmò; li gen yon ti kras tan pou viv kounye a. Li gen kansè.

154 W ap soufri, tou, sè. Ou kwè Bondye ka di m ak kisa w ap soufri? Se pwoblèm do w la. Se vre. Si se vre, leve kanpe. Dakò, resevwa gerizon w. Kwè sa. Mete men w sou mari w.

155 Èske w kwè m se pwofèt Li, mesye? Si w ret kouche la, w ap mouri sèten. Ou p ap ka viv. Se tou. Doktè yo te kite w tonbe. Kansè ap devore w nèt. Mwen te wè ka pi grav ke ou ki te geri. Mwen pa ka geri w. Men si w jis aksepte sa epi kwè l! Èske w kwè sa? Se sèl chans ou. Dènye moman w yo ap pase la. Èske w kwè sa? Si wi, leve kanpe kite branka sa a. Leve soti la a, nan Non Jezikri! Kanpe sou pye w epi geri, epi mache soti isi a, ap glorifye Bondye. Yon moun ba l yon kout men la a, ede l. Men li, sou pye l.

156 Konbyen moun isi a ki kwè? Leve men w. Kanpe sou pye w. Rès nan nou ki vle geri, leve kanpe, nan Non Jezikri. Leve men nou, louwe Bondye. Ba L lwanj ak glwa. Kounye a di Seyè a mèsi pou gerizon w, Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan!

157 Frè, doktè yo echwe. Sa se fason Bondye founi an. Kwè li!

158 Konbyen moun ki vle aksepte fason Bondye founi an? Leve men nou epi bay Bondye lwanj, nou chak, epi kwè ke w geri, nan Non Jezikri. Amèn.

64-0206E Fason Bondye Founi Pou Jou Sa
Pak Ekspozisyon Rejyon Kern
Bakersfield, Kalifòni Etazini

HAITIAN CREOLE

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org